

# Sant pou Retablisman apre Katastwòf ki Ouvè nan Konte Polk ak Seminole

---

Release Date: Oktòb 10, 2022

**TALLAHASSEE** – [Eta Florid ak FEMA te ouvri lòt Sant pou Retablisman apre Katastwòf \(DRC\) nan Konte Polk ak Seminole.](#)

## KONTE POLK

**W.H. Stuart Center, 1702 S. Holland Pkwy, Bartow, FL 33830**

## KONTE SEMINOLE

**Seminole State College - Barbara Miller Automotive Center, 100 Weldon Blvd., Sanford, FL 32773**

Sant yo louvri 9 a.m. rive 6 p.m. sèt jou pa semèn.

Sant pou Retaablisman apre Katastwòf yo mete enfòmasyon ki sòti nan ajans eta Florida yo, nan FEMA epi nan U.S. Small Business Administration (Administrasyon Ti Biznis Ameriken yo) disponib pou sivivan katastwòf yo. Sivivan katastwòf yo kapab jwenn èd lè yo aplike pou asistans federal ak prè pou katastwòf, modifye aplikasyon yo epi jwenn enfòmasyon sou lòt resous ki disponib.

Gen lòt sant ki ap fonksyone nan:



**FEMA**

Page 1 of 3

**KONTE CHARLOTTE**

**Home Depot, 12621 S McCall Rd, Port Charlotte, FL 33981**

**KONTE COLLIER**

**Veterans Community Park, 1895 Veterans Park Drive, Naples, 34109**

**KONTE HARDEE**

**Wauchula Civic Center, 515 Civic Center Dr., Wauchula, FL 33873**

**KONTE LEE**

**Lakes Regional Library, 15290 Bass Road, Fort Myers, FL 33919**

**KONTE LEE**

**Fort Myers DMS Building, 2295 Victoria Ave., Fort Myers, FL 33901**

**KONTE ORANGE**

**Barnett Park, 4801 W. Colonial Drive, Orlando, FL 32808**

**KONTE OSCEOLA**

**Hart Memorial Central Library, 211 E. Dakin Avenue, Kissimmee, FL 34741**

**KONTE SARASOTA**

**Shannon Staub Public Library, 4675 Career Lane, North Port, FL 34289**

Tout sant yo ouvri soti 9 a.m. pou rive 6 p.m. sèt (7) jou pa semèn.



**FEMA**

Page 2 of 3

Li pa nesesè pou yon moun ale nan yon sant pou li aplike. Moun ki sinistre yo kapab ale sou sit entènèt [disasterassistance.gov](https://disasterassistance.gov), itilize [aplikasyon mobil FEMA a](#) oswa rele 800-621-3362. Liy telefòn lan disponib chak jou sòti 7 a.m. rive 11 p.m. Lè nan Lès. Èd la disponib nan pifò lang. Si ou ap itilize yon sèvis relè, tankou relè vidyeo (VRS), soutit pou telefòn oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo pou sèvis sa a.

Sant Sekou Apre Katastwòf yo gen aksè pou moun ki andikape ale ladan yo. Yon genyen ekipman asistans teknoloji ki pèmèt sivivan katastwòf yo entèyaji ak pèsonèl la. Gen sèvis Entèpretasyon Videyo a Distans ak langaj siy fas a fas ki disponib sou demann. Sant yo genyen pakin, ranp ak twalèt ki aksesib pou tout moun.

Mete sou sant yo, ekip FEMA Disaster Survivor Assistance, DSA (Asistans FEMA pou Sivivan Katastwòf) yo ap mache nan tout katye ki anndan zòn Siklòn lan te frape pi plis yo pou ede moun ki rete la yo aplike pou aistans FEMA a epi reponn kesyon yo kapab genyen sou asistans federal. Ekip DSA yo gen inifòm FEMA sou yo epi yo gen badj idantifikasyon federal ki gen foto yo ladan I. Sèvis sa a gratis.

Asistans Endividylel FEMA a kapab ede nan depans tanporè pou lojman yo, ti reparasyon nan kay yo ak lòt bezwen esansyèl moun kapab genyen apre katastwòf.



**FEMA**

Page 3 of 3